



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 07/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU 75YÈM ANIVÈSÈ
PEARL HARBOR**

“Jodi a, nou make 75yèm anivèsè atak Pearl Harbor an. Nan komemorasyon kouraj ak valè ki te montre pa sila yo ki te reponn a apèl pou pwoteje nasyon nou an, nou rekonèt epi onore plis pase 2,400 moun ki te fè sakrifis iltim lan.

Nan jounen enfam sa, nou tout raple nou ke ‘libète pa gratis.’ Sepandan, li ba nou yon opòtinite isit la nan New York pou kapab asire ke sila yo ki te batay epi kontinye batay pou valè yo ke eta ak nasyon sa te fonde sou yo trete ak diyite ak respè ke yo merite. Se poukisa New York rete angaje nan bay aksè konplè a sèvis ak sipò de kalite pou tout Veteran ak manm Sèvis Etazini yo (U.S. Servicemembers and Veterans).

Jounen sa mete yon pwa lou sou kè tout Ameriken. Pandan ke nou p’ap janm kapab peye an retou sila yo ki te bay lavi yo pou defann libète, jistis ak demokrasi, nou kapab onore sakrifis yo an nan travay ansanm pou kapab asire ideyal ak libète yo ke nou toujou rancheri an verite.”

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418